

MONTE NIVO EDIKASYON POU ELÈV AK LEKÒL: ANGAJMAN NOU POU NOU AJI



**Department of
Education**

Dennis M. Walcott, Chancellor

Tabmatyè

Monte Nivo Edikasyon pou Elèv ak Lekòl 2

Objektif: Tout elèv pre pou kolèj ak karyè..... 4

Estrateji pou Atenn Objektif nou: Angaje fanmi 6

Angajman nou pou pran Aksyon

1. Ogmante atant yo pou ansèyman ak aprantisaj..... 9

2. Kreye nouvo lekòl ak sipòte lekòl ki deja egziste..... 13

3. Enfòme Fanmi epi Fè yo Patisipe kòm Kolaboratè Enpòtan 17

Metè Ansanm avèk nou pou Monte Nivo Edikasyonin 20

Bay tout jèn aksè nan yon edikasyon ki prepare yo pou reyisi nan kolèj ak nan karyè se pi gwo defi ekonomik ak sosyal n ap rankontre kòm yon Vil ak yon nasyon. Nou tout konnen edikasyon pèmèt moun atenn potansyèl yo nan divès fason: pou jwenn jòb ki peye byen, pou jwi bon sante, pou ofri fanmi yo plis estabilite, ak pou ba yo pi bon kalite vi an jeneral.



Monte Nivo

Edikasyon pou

Elèv ak Lekòl



Lekòl leta Vil Nouyòk konsantre sou respè pwomès opòtinite edikasyon sa a . Nou dwe tout 1.1 milyon elèv nou yo sa. Nou vle pou paran, kominote lekòl la, ak tout kominote a an jeneral konnen sa nou fè kòm yon sistèm pou satisfè responsablite sa a, epi kisa nou pral fè apre pou vize pi wo toujou.

Depi kòmansman inisyativ *Children First* Majistra Bloomberg la an 2002, atravè gwo travay pwofesè, direktè lekòl, estaf sipò lekòl, paran, elèv ak kominote yo, nou deja fè anpil pwogrè nan wout yon sistèm bonjan lekòl.

Nou redistribiye plizyè santèn milyon dola nan bidjè lekòl yo pou lekòl ki gen pi bon rapò ak elèv ka pran bonjan desizyon sou kòman pou yo amelyore rezilta elèv.

- Yon bann lidè ak pwofesè ap travay ansanm ak itilize metòd nouvo pou reenvante edikasyon piblik ak transfòme lavi plizyè milye elèv .
- Vil la ouvri 529 nouvo lekòl depi 2002, tankou lekòl distri ak lekòl leta Charter, kote nou ba yo tout kapasite pou sipòte akonplisman elèv ak ankouraje yon kilti kote yo atann anpil bagay .

• Kounye a, pwofesè ak lidè lekòl gen responsablite pou reyisit elèv, plis pase avan.

Ki Rezilta a?

Elèv ak lekòl pi byen prepare pou reyisi.

Se yon bon kòmansman, men nou kapab epi nou pral reyalize plis.

Travay nan salklas yo se yon fondasyon esansyèl n ap amelyore an pèmanans pou ede plis elèv avanse ak reyalize plis. Nou tout dwe travay ansanm—edikatè, paran, kominote, inivèsite, ak sektè prive—pou atenn objektif komen an ki se fòme elèv ki byen prepare pou kolèj ak karyè. Nou tout gen yon wòl pou jwe nan sikse pitit nou.

Lè nou travay ansanm pou atenn nòm ki pi elve, nou ka atann pi gwo siksè pou 1.1 milyon elèv nou yo.

Pandan plizyè dizèn ane, to gradyasyon lekòl segondè Vil Nouyòk te rete a 50 pousan. Men, pou pwomosyon 2010 la, to gradyasyon pou kat ane a te 65 pousan. Sa vle di, pou tout Vil nou an, 10000 elèv gradye anplis nan lekòl segondè leta chak ane. Epi, avèk plis atant pou reyisit elèv, sa deja fè plis elèv pran diplòm *Regents* ak Kou Avanse nivo kolèj ak lòt kou nivo kolèj.

Gen plis travay pou nou fè toujou, men nou gen yon fondasyon siksè ki pou sèvi kòm baz pou kontinye. Kwayans nou toujou genyen se nou pral reyalize yon sistèm bonjan lekòl si nou konsantre efò nou sou reyisit elèv ak lekòl.

Nan dokiman sa a n ap eksplike objektif nou epi n ap mande èd pou nou reyisi. Nou pran angajman pou nou *Monte nivo Edikasyon* pou 1.1 milyon elèv ak plis pase 1,700 lekòl nou yo.



Objektif:

Preparasyon pou kolèj ak karyè pou tout elèv



Ansanm, nou bezwen travay di pou asire tout elèv Vil Nouyòk gradye lekòl segondè tou prepare pou kolèj ak karyè. Se yon objektif ki mande anpil travay. Li nesèsè pou pou avni elèv nou yo, ekonomi nou an ak Vil nou an.

Pou yo rive byen prepare tout elèv—paegzanp elèv ki gen andikap ak ELL—pou lavi apre lekòl segondè, pwofesè yo bezwen kreye eksperyans aprantisaj ki egzijyan nan salklas yo chak jou. Efò sa yo dwe kòmanse lè elèv yo rantre nan prematènèl pou kontinye nan presegondè ak lekòl segondè. Nou ka rive prepare tout elèv pou kolèj ak karyè sèlman si chak moun nan sistèm lekòl nou an konsantre sou sa li ka fè pou ede elèv reyisi. Nan chak salklas, nan chak klas, n ap travay ansanm pou akonpli misyon komen sa a.

Nou konnen pou elèv nou yo reyisi nan yon mond k ap chanje byen vit, yo bezwen aprann panse yon fason kreyatif, rezoud pwoblèm, prezante bon jan agiman ak angaje nan deba. Pandan kèk pwochen ane yo, Eta Nouyòk ak plis pase 40 lòt Eta pral fè tranzisyon nan

yon nouvo seri nòm aprantisaj ki la pou prepare tout elèv, depi prematènèl rive 12yèm ane pou gen siksè nan kolèj ak karyè. Alavni, pwofesè yo pral entegre nouvo nòm aprantisaj sa yo, ke yo rele **Common Core**, nan salklas yo. Common Core standards yo ofri nou gwo opòtinite pou devlope kapasite panse kritik elèv ak ankouraje yo pou yo vin moun k ap aprann pandan tout vi yo.

Nou kwè ke elèv travay byen nan lekòl avèk abitud gwo espwa epi n ap kontinye travay pou kreye yon sistèm lekòl k ap ede elèv atenn potansyèl yo N ap ouvri nouvo lekòl nan Vil la ki la pou siksè elèv- kote gen gwo atant ak kote elèv kontan aprann ak motive pou reyisi nan kolèj ak karyè. Nou bezwen èd ak angajman paran, fanmi ak kominote yo pou reyalizasyon objektif sa yo.

Common Core standards yo ofri nou gwo opòtinite pou devlope kapasite panse kritik elèv ak ankouraje yo pou yo vin moun k ap aprann pandan tout vi yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou **Common Core** nan lekòl Vil Nouyòk, mande pwofesè pitit ou a oswa vizite bibliyotèk Common Core nou an nan <http://schools.nyc.gov/Academics/CommonCoreLibrary>

Pou wè Gid Paran PTA Nasyonal la osijè Common Core, ale nan <http://www.pta.org/4446.htm>

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Nòm Baz Inivèsèl **Common Core standards** atravè Eta Nouyòk, ale nan <http://engageny.org> epi pou jwenn enfòmasyon onivo nasyonal, ale nan <http://corestandards.org>



Estrateji pou Atenn

Objektif nou:

Patisipasyon

fanmi



Nou dwe mete gwo espwa nan tout elèv pou asire timoun nou yo devlope kapasite yo bezwen pou atenn tout potansyèl yo. Direktè ak pwofesè jwe san dout wòl enpòtan nan ranfòsman lekòl nou yo; sepandan, li klè lekòl leta Vil la bezwen paran ak fanmi tou kòm patnè esansyèl pou prepare elèv nou yo pou yon lavni pi bryan.

Paran ak fanmi se premye pwofesè timoun yo ak sistèm sipò ki pi enpòtan an. Atant yo ka ankouraje siksè yon timoun. Pandan n ap lite pou monte nivo edikasyon an, nou mande paran ak fanmi pou fè efò a.

Men plis detay sou angajman nou pran pou elèv, fanmi ak Vil la pou prepare timoun nou yo kòm pwochen jenerasyon lidè a.

Kit se verifie devwamezon, patisipe nan yon reyinyon PTA, oswa fè timoun yo rive lekòl alèprepare pou aprann, patisipasyon paran ak fanmi enpòtan anpil pou siksè elèv. Patisipasyon paran ak fanmi, ansanm ak bon kalite ansèyman ak aprantisaj pral ankouraje preparasyon elèv nou yo pou kolèj ak karyè. Gen plizyè fason pou patisipe avèk nou nan efò sa yo. Gade Gid fanmi Vil Nouyòk **NYC Family Guide** nou an se yon bon kòmansman. **Ale sou:** <http://schools.nyc.gov/ParentsFamilies/NYCFamilyGuide>



Bon kalite ansèyman se zouti ki pi pisan an
pou ede elèv atenn nòm ki pi elve sa yo.



Angajman nou pou pran Aksyon

Angajman 1

Ogmante atant yo pou ansèyman ak aprantisaj

Menmsi nou fè pwogrè nan akonplisman elèv, gen twòp elèv yo pa mande pou fè tip travay solid ke siksè nan kolèj, nan karyè ak nan lavi mande. Nòm ki pi elve—ki se esansyèl nan *Common Core*—yo nesesè pou prepare plis elèv ak kapasite yo bezwen pou reyisi lè yo rantre nan kolèj oswa lè yo kòmanse yon karyè.

Bon kalite ansèyman se zouti ki pi pisan an pou ede elèv atenn nòm ki pi elve sa yo. Travay nou vize pou asire tout elèv resevwa bon kalite ansèyman. Nou deja kòmanse fòmasyon pwofesyonèl pou ofri tout pwofesè opòtinite pou monte nivo ansèyman yo nan yon nòm ki pi elve dapre *Common Core* la. Epi n ap ankouraje pwofesè ki pi solid nou yo pou yo sèvi kòm modèl pi bon metòd ak kòm gid nan lekòl pa yo.

Travay nou ki gen ladan pi gwo atant dwe anmenm tan efikas akoutèm ak dirab alontèm. Aplikasyon nouvo nòm *Common Core* yo nan ane akademik 2014–15 lan, lè yo fin adapte egzamen Eta yo avèk nouvo nòm sa yo, se yon egzanp angajman nou pou ekselans akademik kounye a ak alavni.

Lè nou konsantre efò nou pou entegre nouvo nòm *Common Core* yo ak plis atansyon pou amelyore ranman pwofesè, n ap inisyè yon sik amelyorasyon ki baze sou kòmantè, sipò ak nòm ekselans pou elèv ak pwofesè.

Kisa Nou Pral Fè

1 Pouse elèv yo travay pi di.

Ane sa a, pwofesè nan Vil la pral pase plizyè semèn ap anseye yon inite kourikoulòm ki konfòm avèk nouvo nòm *Common Core* la ki konsantre sou preparasyon elèv pou kolèj ak karyè. Ansuit chak elèv nan Vil la—kòmanse avèk klas ki pi piti yo—pral angaje nan yon gwo pwojè nan *literacy*, ak yonn nan matematik pou teste kapasite yo pou metrize kèk nan nouvo nòm sa yo. Paegzanp:

- Nan *literacy*, olye pou elèv yo sèlman li ak ekri sou pwòp eksperyans yo, yo pral li ak analize tèks solid sou reyalyte—tankou Diskou Gettysburg President Lincoln oswa yon analiz resan devlopman rechofman latè global warming—epi ansuit ekri opinyon ak agiman kòm repons..
- Nan Matematik, olye pou yo rezoud pwoblèm dirèkteman ak yon repons kòrèk sèlman, chak elèv pral gen chans pou rezoud pwoblèm solid “mond reyèl” la apati domèn tankou jeni oswa estatistik..

Nan efò nou pou asire tout fanmi ak kominote okouran nòm nasyonal *Common Core* yo, n ap bay enfòmasyon sou nòm *Common Core* yo nan reyinyon konsèy edikasyon kominotè *Community Education Council* (CEC k ap fèt nan Vil la. Pandan prezantasyon yo, fanmi ap kapab enfòmasyon sou tandans Vil la ak distri yo nan pefòmans elèv. Y ap jwenn enfòmasyon sou kòman nòm *Common Core* yo pral ankouraje pwogrè elèv, sou mwayen egzamen Eta yo pral evolye pou evalye kòman elèv yo aprann atravè

metòd *Common Core* yo, ak sou atant akademik Vil la pou 2011–12 k ap ede elèv nou yo pare kounye a.

2 Kenbe tout elèv nan nivo nòm ki elve

Nan lekòl vil la, gen ekip pwofesè ki rankontre regilyèman pouegzamine travay elèv ak done epi devlope plan akademik ki konsidere bezwen tout elèv, paegzanp elèv ki gen andikap ak ELL. Ane sa a, ekip pwofesè yo pral entegre “Metòd Inivèsèl pou Aprann” *“Universal Design for Learning,”* yon metodoloji ki fè prèv li, baze sou rechèch epi ki itilize estrateji fleksib *entry points* nan kourikoulòm lan pou tout elèv. Lidè lekòl yo pral pran fòmasyon tou pou yo ka pwograme elèv yo ak pwofesè yo kòrèkteman ak fleksibilite pou gen plis aksè nan salklas edikasyon jeneral pou elèv ki gen andikap.

3 Fòme pwofesè ki pou bay bonjan rannman atravè plis evalyasyon ak sipò ki valab

Nan lekòl ki bay pi bon rannman nou yo, dirèktè ak lòt lidè pedagogik yo nan salklas yo regilyèman pou obsève pwofesè ak fè kòmantè ki klè dapre nòm ekselans yo byen konprann. Atravè yon pwogram esè an 2011–12 ak yon inogirasyon nan Vil la pou yo suiv, kapasite ak responsablite pou tout lidè lekòl obsève pwofesè, idantifye domèn ki gen pwogrè yo ak ofri bon jan kalite sipò. Y ap idantifye pwofesè ki fè prèv kapasite lidèchip byen bonè nan nan karyè yo pou *mentoring* ak devlopman alavni pou asire gen yon pepinyè bon enstriktè ki sou chemen pou vin dirèktè alavni.

4 Fikse prensip pou preparasyon kolèj ak karyè

Pou nou ka prepare elèv nou yo ki gradye pou sa k ap vini apre lekòl segondè, nou pral kreye "modèl" "*benchmarks*" preparasyon kolèj ak karyè ki dekri kapasite ak eksperyans elèv nou yo bezwen nan chak nivo klas pou yo reyisi nan kolèj ak karyè, tankou:

- Mezi pèfòmans elèv (tankou nòt egzamen Regents ak akimilasyon kredi).
- Kapasite ki pa akademik (tankou pèseverans ak endepandans).
- Etap mezi yo (paegzanp soumèt fòm pou èd finansye ak vizite campus kolèj).

Nan ti klas piti yo, modèl sa yo pral bay yon ide global sou sa yon timoun ta dwe konnen ak kapab fè pou l ka sou chemen pou l pre pou kolèj ak karyè. Alavni, Depatman edikasyon *Department of Education* (DOE) pral devlope yon resous pou bay elèv, fanmi ak lekòl enfòmasyon endividyèl nan tan reyèl sou pwogrè elèv dapre modèl sa yo, epi ede yo planifye estrateji pou amelyore preparasyon elèv pou kolèj ak karyè.

Nan lekòl ki bay pi bon rannman nou yo, direktè ak lòt lidè pedagojik yo nan salklas yo regilyèman pou obsève pwofesè ak fè kòmantè ki klè dapre nòm ekselans yo byen konprann.





Pou asire tout lekòl ka ofri sa elèv yo bezwen pou yo reyisi, nou pran angajman pou ofri yo bon kalite sipò.

Angajman 2

Kreye nouvo lekòl ak sipòte lekòl ki deja egziste

Angajman nou pou akonplisman an egzije nou asire tout elèv nan Vil la ale nan lekòl ki fèt pou siksè elèv. Pi gwo akonplisman pou elèv ak ekselans nan ansèyman pou pwofesè rive nan lekòl ki gen koutim kote yo atann anpil sou moun.

Pou asire tout lekòl ka ofri sa elèv yo bezwen pou yo reyisi, nou pran angajman pou ofri yo bon kalite sipò. Lekòl nou an sipòte rezo—ekip antrenè chak direktè chwazi—k ap ede lekòl yo atenn objektif akademik yo lè yo fè fòmasyon pwofesyonèl pou direktè ak pwofesè ak lè yo pataje pi bon metòd yo nan lekòl yo. Estrikti rezo a pèmèt nou ofri lekòl yo plis sipò endividyèl dapre bezwen yo ak pou tabli otorite ki ka pran pi gwo desizyon nan chak lekòl.

Lè lekòl yo echwe nan ede elèv yo gen siksè, menm lè gen gwo sipò, nou fèmen yo epi nou ouvri nouvo lekòl

ki pami lekòl ki pi solid yo ak pi bon kalite yo. Pousantaj gradyasyon nan nouvo lekòl segondè yo depase pousantaj lekòl ki pa efikas yo ranplase yo. Anplis, nouvo lekòl sa yo akeyi divès talan, tankou yon nouvo lis lidè lekòl ki motive akòz chanjman pozitif yo anonse yo.

Avèk chak nouvo lekòl ki kreye, nou garanti gen bon opsyon pou chak elèv epi fanmi yo ka jwenn yon plas pou pitit yo pwogrese. Pandan nèt dènye ane yo, nou konsantre efò sa yo sou kominote ki konn abitye resewva move sèvis tankou *Harlem*, *Central Brooklyn*, ak *South Bronx*. Estrateji nou an bay bon jan rezilta pou elèv, men gen twòp kominote nan Vil la ki toujou manke bon kalite chwa. Travay nou dwe kontinye pou konsidere bezwen kominote ki pa resewva bon sèvis yo jiskaske chak fanmi nan Vil la gen aksè nan yon bon lekòl.

Kisa Nou Pral Fè

1 Ouvri 50 nouvo lekòl chak ane pou bay plis elèv ak fanmi aksè nan bon kalite chwa

Ouvèti nouvo lekòl ak lidè tou fre ansanm ak edikatè ki gen enèji pote vi nan bilding ki pa t enspire elèv ak pwofesè menmjan. Ni done sou kantite ni done sou kalite yo montre elèv nan lekòl Vil Nouyòk pran plis angajman epi yo gen plis siksè. Efò pou kreye nouvo lekòl yo pral konsantrè menm jan sou lekòl leta charter yo ak lekòl leta distri yo, ak yon atansyon sou lekòl presegondè—kote elèv nou yo gen plis difikilte. N ap chèche òganizasyon ki gen bon dosye ak lekòl ki gen pi bon siksè nan Vil la pou trase chemen pou pwochen jenerasyon an. N ap kontinye tou fè entèkansyon nan anviwònman lekòl ki toujou ap echwe nan satisfè bezwen elèv. Depatman an pral fè dyagnostik sa k ap mache nan lekòl yo ak sa ki bezwen amelyore. Lidè distri yo pral konsidere done ak kòmantè kominote a pou yo decide pi bon mezi pou lekòl ki gen difikilte yo.

2 Garanti espas ak anviwònman aprantisaj adekwa

Yon lekòl ki gen siksè se yon lekòl ki gen yon anviwònman agreyab ki ankouraje aprantisaj. Pandan n ap kreye nouvo lekòl ki la pou sèvi popilasyon varye elèv nou an, nou dwe jwenn espas adekwa pou elèv sa yo. Espas pou bilding ra nan plizyè vwazinaj Vil Nouyòk. Akoz reyalite sa a ak demann fanmi lekòl leta pou bon kalite lekòl k ap vin pi plis, nou dwe itilize bilding lekòl

leta ki deja egziste yo nan fason ki pi efikas posib la. Depatman an dwe mete lekòl yonn akote lòt nan yon bilding. Nou mete ansanm nouvo lekòl nan bilding kote ki deja gen espas epi nou itilize nouvo konstriksyon yo pou ogmante kantite total plas ki disponib. Nan sans sa a, nou satisfè demann popilasyon lekòl nou an k ap vin pi gwo.

3 Itilize regleman sou efektivite ak chwa pwogram pou ofri aksè san patipri pou bon jan opòtinite

Efò nou pou kreye nouvo lekòl yo pral vin konplete avèk regleman sou efektivite ki sipòte aksè nan bon kalite lekòl ak pwogram pou tout elèv, tankou elèv ki gen andikap ak ELL ak elèv k ap rantrè nan sistèm lan nan diferan pwèn pandan ane lekòl la.

4 Ofri ekspè rezò ki gen espesyalizasyon pou sipòte efò amelyorasyon nan lekòl

Lekòl ki gen difikilte yo konn bezwen asistans ak chanjman nan estrikti pou ogmante resous ki disponib pou sipòte yo . Pou otòn sa a, gen pwofesyonèl devwe nan ekip rezò nou yo k ap itilize done, tankou rapò sou pwogrè pou idantifye lekòl ki gen plis bezwen sipò. Pou lekòl ki gen pi move pèfòmans yo, nou ka pwopoze yon estrateji pou fèmen epi ranplase yo avèk nouvo lekòl. Pou lòt lekòl ki gen difikilte ki montre kapasite pou yo amelyore, rezò yo pral ofri sipò entansif anplis pou lekòl yo.



Paran ak fanmi se kolaboratè
prensipal lekòl nou yo bezwen pou
atenn objektif preparasyon pou
kolèj ak pou karyè tout elèv.



Angajman 3

Enfòme Fanmi epi Fè yo Patisipe kòm Kolaboratè Enpòtan

Fanmi jwe yon wòl kolosal nan mete timoun yo sou wout pou antre ak revisi nan kolèj ak nan mache travay la. Paran ak fanmi se kolaboratè prensipal lekòl nou yo bezwen pou atenn objektif preparasyon pou kolèj ak pou karyè tout elèv. Ede elèv pran pwochen etap la sou wout sa a pa dwe travay direktè lekòl ak pwofesè sèlman fè chak jou, men fòk se travay elèv yo tou yo menm ak moun ki responsab yo. Nou pral travay pou etabli ak ranfòse kolaborasyon sa yo lè nou fè fanmi patisipe yon fason aktif ak fanmi yo nan reyalizasyon objektif komen nou yo.

Paran ki byen enfòme ak ki patisipe nan edikasyon pitit yo bay pi bon rezilta pou elèv ak plis siksè pou lekòl. Pou ede fasilite kolaborasyon sa a, nou kreye gid pou fanmi elèv soti klas prematènèl rive 12yèm ane pou pataje detay enpòtan osijè eksperyans aprantisaj elèv. Pou chak laj, paran ak gadyen ap jwenn enfòmasyon detaye sou sa yo atann pou yon

elèv nan nivo sa a aprann, ak ki tip kesyon pou poze sou pwogrè li. Soti nan aktivite pou fè lakay ou pou ankouraje aprantisaj kòm yon fanmi, rive nan mande lekòl la pou sipò, nou enprime gid sa yo nan 10 lang epi yo ofri sijesyon espesifik, pratik ki enfòme ak entegre fanmi kolaboratè prensipal. Ale sou: <http://schools.nyc.gov/ParentsFamilies/NYCFamilyGuide>

Bon kolaborasyon vle di amelyore fason nou tande ak travay avèk paran ak fanmi. Yon pati enpòtan nan estrateji nou an se pou bay wòl fanmi ak kolaboratè kominote nou yo priyorite, lè nou asire ke Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) vin tounen yon modèl nasyonal pou sansibilizasyon pratik, ak pou sipòte epi kenbe kolaborasyon ant fanmi, lekòl ak kominote yo.

Kisa Nou Pral Fè

1 Amelyore efikasite reyinyon paran-pwofesè

Depatman an ap devlope resous pou ede paran ak fanmi gen plis enterè nan reyinyon paran an otòn lan ak nan reyinyon paran an prentan an, tankou:

- Gid pou fanmi osijè kesyon ak sijè yo ka diskite ak pwofesè pitit yo pandan konferans yo.
- Aktivite paran kapab fè lakay yo pou ede timoun yo satisfè kèk nan nouvo nòm yo.

Anmèmtan, direktè lekòl ak pwofesè ap benefisye nan:

- Egzanp konferans pwofesè-paran ki deja la nan plizyè lekòl nou yo, pou lòt lekòl kapab aprann apati pratik sa yo.
- Yo kapab adapte materyèl lekòl pou ankouraje patisipasyon, tankou modèl depliyon, siy, ak suivi pou envitasyon nan konferans pwofesè-paran.
- Materyèl ke lekòl ka adapte ki dekri chanjman nan kourikoulòm lan lè pandan lekòl la kòmanse aplike nouvo Common Core standards.

2 Ede fanmi idantifye ak batay pou jwenn lekòl ki bon pou pitit yo

Opsyon nouvo lekòl nou kreye yo ofri divès opòtinite pou fanmi mete pitit yo nan yon lekòl ki reponn ak enterè pitit yo. Nou rekonèt responsablite nou pou nou fè pwosesis admisyon nou an pi transparan, epi n ap fè sa lè nou pataje enfòmasyon enpòtan osijè lekòl epi fè enfòmasyon sa a fasil pou paran jwenn, pou fanmi ka byen prepare lè y ap chèche pi bon opsyon an pou pitit yo. N ap itilize teknoloji entènèt pou fasilite yon pwosesis seleksyon lekòl ki solid ak byen kalkile.

N ap tande tou enkyetid fanmi genyen sou lekòl nan kominote yo epi n ap ofri enfòmasyon ki pou sipòte lit pou yon nouvo lekòl.

3 Rann sistèm lekòl la pi lib ak aksesib

Fanmi bezwen konnen kiyès pou yo rele lè yo gen yon kesyon oswa enkyetid osijè edikasyon pitit yo. Lekòl dwe tande fanmi yo epi pran angajman pou fè yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Depatman an ap asire ke nan ka kote lekòl pa ka rezoud yon pwoblèm, pou fanmi konnen ki kote pou yo ale. Lekòl ap bay paran enfòmasyon osijè resous sipò lekòl, tankou koòdonatè paran ak rezo, ak sitwèb Depatman an ap gen enfòmasyon sou kontak Depatman an ki itil.

Nou pral:

- Devlope ak deplwaye nouvo nòm pou kolaborasyon ant lekòl ak fanmi. Y ap itilize nòm sa yo pou evalye kòman lekòl ap travay pou enfòmasyon ak angaje paran nan edikasyon pitit yo epi kreye yon anviwònman ki akeyan pou paran.
- Kreye yon “Akademi Paran” pou tout Vil la ki la pou etabli lidè paran ki gen enfòmasyon epi k ap patisipe nan sistèm lekòl la. Akademi Paran nou an pral ofri training, seminè, ak sipò pou fanmi volontè nan lekòl yo ak pou koòdonatè paran.
- repanse ak redefini wòl koòdonatè paran pou sipòte kominote lekòl la pi byen, lè nou etabli gid ak atant byen klè pou lyezon enpòtan sa a ant paran ak kominote lekòl yo. Nou pral travay avèk biwo sipèntandan kominote yo pou amelyore kolaborasyon avèk koòdonatè paran yo ak pou sipòte yo.

4 Redefini pwosesis nou pou pran opinyon fanmi

Pou nou kapab kolabore byen nan amelyorasyon lekòl nou yo, nou bezwen pou nou pran responsablite nou anvè fanmi epi mete yon mwayen sistematik an pèmanans pou tande pwoblèm yo. Nou baze sou siksè Sondaj Lekòl nou an, kote nou rann lekòl responsab pou satisfaksyon paran, pou nou lanse Fòm Chanselye a pou Opinyon Fanmi *Chancellor's Family Feedback* ete sa a. Pandan nou pral kontinye rafine mwayen nou rann lekòl yo responsab pou siksè elèv, nou pral konsidere nouvo mwayen pou nou mete opinyon paran ladan. Nou pral itilize tou sa nou jwenn yo pou amelyore kolaborasyon nou avèk fanmi. Paegzanp:

- Kòm yon pati nan angajman Chanselye a pou amelyore pèfòmans lekòl presegondè yo, n ap reyini yon gwoup paran lekòl, koòdonatè paran, pwofesè ak direktè lekòl pou ede wè ki pi bon mwayen pou ankouraje paran ak fè yo rete angaje pandan ane lekòl presegondè yon timoun. Avèk ide k ap sòti nan gwoup travay la, n ap bay chak lekòl presegondè taktik pou amelyore komunikasyon ant lekòl presegondè ak paran pou asire elèv yo pa pèdi epi pou yo rete sou chemen siksè.

Paran ki byen enfòmè ak ki patisipe nan edikasyon pitit yo bay pi bon rezilta pou elèv ak plis siksè pou lekòl.





METE ANSANM AVÈK NOU POU MONTE NIVO EDIKASYON

Mond lan ap chanje byen vit. Nivo akonplisman akademik ki pi wo ak konpetans ki pi konplèks nesèsè pou kapab fè konkirans ak pwospere nan mache travay la. Kolèj, ki te objektif kèk elèv nan tan pase, vin kounye a yon egzijans pou anpil bon djòb ak pou bati sekirite sou pwen ekonomik. Tan yo chanje, kidonk, sistèm edikasyon nou an dwe chanje tou. Pou prepare timoun nou yo pou siksè nan kolèj, karyè, ak nan lavi, lekòl Vil nou yo dwe egzije ak sipòte nòm aprantisaj ki pi nivo ke fanmi ki byen enfòmè ak pi byen angaje nan edikasyon pitit yo byen akeyi.

Nou pran angajman pou nou bay plis pase 1700 lekòl leta nou yo kapasite pou fè travay sa a: pou prepare timoun nou yo pou travay nan tout potansyèl yo epi pran relèv kòm pwochen jenerasyon lidè. Elèv, pwofesè, paran ak fanmi se plis pase nannan efò sa—ansanm, yo se souf ki kenbe Vil nou an anvi.

Lè nou tout travay ansanm, nou kapab leve defi a. Nou pran angajman an, epi nou kwè sa ap mache. Nou wè 1.1 milyon opòtinite pou reyisi chak jou. Mete w avèk nou.

“ Pou prepare elèv nou yo pou kolèj ak karyè nan mond n ap viv jodi a, nou bezwen travay ansanm. Mete ansanm avèk nou pou enspsire siksè lekòl ak siksè elèv. ”

Dennis M. Walcott
Chanselye



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Department of
Education**

Dennis M. Walcott
Chancellor

<http://schools.nyc.gov>

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)* pou l pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè po, rejlijyon, peyi orijin yon moun, sityasyon sitwayènte/imigrasyon yon moun, laj, andikap, sityasyon de moun k ap viv nan kay kòm yon koup, sèks, oryantasyon seksyèl oubyen fason moun idantifye oswa ekprime sèks yo, nan pwogram edikasyon li yo ak nan aktivite l yo, epi pou l tabli yon anviwònman kote pa gen arasman seksyèl, jan lalwa mande l.